



**OFFICE FOR CIVIL RIGHTS**  
107 East Madison Street | Tallahassee, FL 32399  
(850) 921-3205 | [www.floridajobs.org](http://www.floridajobs.org)

---

## **Pwosedì pou Plent kont Diskriminasyon**

### **TAB DÈ MATYÈ**

<b>ENTWODIKSYON .....</b>	<b>2</b>
<b>DISKRIMINASYON KI ENTÈDI .....</b>	<b>3</b>
<b>KIJAN POU DEPOZE YON PLENT .....</b>	<b>3</b>
<b>PWOSEDI POU TRETE PLENT YO .....</b>	<b>7</b>
<b>Kimoun ki gen konpetans jiridiksyonèl lan .....</b>	<b>7</b>
<b>Prezantasyon Premye Lèt Notifikasyon Inisyal .....</b>	<b>8</b>
<b>Fè Medyasyon (Rezolisyon Altènativ pou Dispit) .....</b>	<b>9</b>
<b>Chèche Eleman Prèv e Ankèt .....</b>	<b>10</b>
<b>Revize e Analize Prèv yo .....</b>	<b>12</b>
<b>Rapò Ankèt la .....</b>	<b>13</b>
<b>Konklizyon sou <i>Byen-fonde</i> akizasyon an .....</b>	<b>14</b>
<b>Divès Pwovizyon .....</b>	<b>14</b>

## ENTWODIKSYON

Dokiman sa a fè pou enfòmè tout pati ki enterese yo konsènan pwosedi Biwo Dwa Sivil (Office for Civil Rights – OCR) anplwaye pou rezoud plent pou diskriminasyon yo. OCR la ankete vyolasyon prezime lejislasyon non-diskriminasyon federal ak Eta ki aplike pou Depatman Opòtinite Ekonomik, ke yo rele nan dokiman sa a tou « Depatman » a, e ki aplike tou pou antite ki resevwa asistans finansyè federal nan men oswa atravè Depatman an.

OCR la ankete tout plent pou diskriminasyon ki relativman byen fonde yo depoze devan Depatman an e ki antre nan konpetans jiridiksyonèl Depatman an. Konpetans jiridiksyonèl li limite a plent pou diskriminasyon prezime tankou :

- 1) Plent ki depoze pa anplwaye oswa kandida aplikan pou yon djòb, operatè sant pwofesyonèl one-stop yo oubyen founisè sèvis ki nan pwogram Depatman an jere, oswa
- 2) Plent ki depoze pa moun k ap chèche oswa k ap resevwa sèvis yo bay pou pwogram federal oswa Eta a Depatman an ap jere.

OCR pa konpetan pou li aksepte e pou li ankete plent ki pa ranpli kritè ki make anlè yo.

Li enpòtan tou pou nou remake sa ki make annapre an :

- Se pa poutèt yon moun depoze yon plent pou diskriminasyon devan OCR kifè yo pa gen dwa depoze menm plent la oswa yon plent similè nan yon lòt Eta, devan yon enstitisyon federal oswa yon ajans lokal ki gen konpetans jiridiksyonèl.
- Se pa poutèt yon moun depoze yon plent pou diskriminasyon devan OCR la kifè sa va pwolonje dat limit lan pou li kapab depoze menm plent la nan yon lòt Eta, devan yon enstitisyon federal oswa devan yon ajans lokal ki gen konpetans jiridiksyonèl.

Pwosesis plent OCR te etabli an fèt pou satisfè egzijans atik 29 CFR Pati 37 (*Implementation of the Nondiscrimination and Equal Opportunity Provisions of the Workforce Investment Act of 1998*). Pwosesis sa a respekte egzijans tretman plent pou diskriminasyon anba lòt lejislasyon federal ak Eta a ki aplikab pou Depatman ak pwogram li yo. Lè OCR ap mennen yon ankèt, li aji yon fason ki neutre, san pati pri pou jwenn prèv e li pa defansè ni demandè ni defansè an.

Depatman te pran divès mezi pou l asire neutralite ak enpasyalite OCR la pandan li te ofri anmenm tan resous ki nesèsè yo. Ofisye Egalite Opòtinite (EO) ap deside gen yon konfli enterè lè egziste kèlkeswa responsabilite, atant oswa enterè ki ta kapab entèfere ak kapasite, motivasyon oswa otorite Ofisye EO an pou li egzekite responsabilite li yo konfòmeman ak atik 29 CFR Pati 37. Poutèt sa, Depatman bay OCR resous administrativ grasa Biwo Zafè Jiridik (Office of General Counsel) li anmenm tan l ap mande OCR pou li fè rapò dirèkteman bay Direktè Egzekitif la konsènan zafè ki gen pou wè ak Egalite Opòtinite. Epitou, OCR la fizikman separe de Biwo Zafè Jiridik (Office of General Counsel) pou kapab òganize reyinyon prive ak konfidansyèak demandè yo.

## DISKRIMINASYON KI ENTÈDI

Li ilegal pou moun ki resevwa asistans federal fè diskriminasyon sou baz sila yo :

- Kont nenpòt kimoun Ozetazini poutèt ras, koulè, relijyon, sèks, orijin, laj, si li andikape, estate sivil, afilyasyon politik ou swa kwasans li ; e
- Kont kèlkeswa moun k ap benefisye pwofeam ki asiste finansyèman selon Tit I Lwa sou Envestisman Mendèv (*Workforce Investment Act of 1998* — WIA) ki date de 1998, sou labaz sitwayènte/estate kòm imigran ki legalman otorize travay Ozetazini, oubyen poutèt patisipasyon li nan yon pwogram ou swa yon aktivite WIA Tit I ki asiste finansyèman.

Moun ki benefisye an pa gen dwa diskrimine nan okenn nan domèn sila yo :

- Deside kimoun yo pral admèt oubyen ki pral jwenn aksè nan kèlkeswa pwogram oubyen aktivite WIA Tit I ki asiste finansyèman ;
- Bay opòtinite oubyen ofri kèlkeswa moun lan pwogram ou swa aktivite a ; ou swa
- Pran desizyon konsènan anplaman osijè administrasyon oubyen ki an konkesyon ak pwogram oubyen aktivite sa a.

## KIJAN POU DEPOZE YON PLENT<sup>1</sup>

**Kimoun ki gendwa depoze plent lan :** Nenpòt kimoun gendwa pote plent si li panse limenm, ou swa yon kategori moun espesifik, te sibi diskriminasyon nan kad yon politik, yon pwogram, yon aktivite ou swa nan men yon anplwaye Depatman an oubyen nan men yon moun ki resevwa asistans finansyè federal atravè Depatman an. Sa gen ladann tout kandida k ap aplike pou yon djòb opre anplwaye Depatman an e ki panse yo te viktim diskriminasyon – swa nan travay la ou swa pandan pwosesis anbochaj, pwomosyon oubyen revokasyon an. Sa gen ladann tou tout kliyan, benefisyè oubyen aplikan ki vle sèvis ki panse yo refize bay yo sèvis ou swa yo te trete yo diferaman ak lòt moun pandan yo te resevwa sèvis yo. Yo gendwa soumèt yon plent atravè yon reprezantan. (Pou kapab jwenn egzijans ak pwosedi pou depoze plent nan lòt ajans federal ak Eta yo, ak gade Tablo 1 pou w kapab jwenn enfòmasyon pou kontakte responsab yo.)

**Ki kote w kapab pote plent :** Pifò moun ki ta vle depoze yon plent pou diskriminasyon konsènan yon pwogram ou swa yon aktivite yo ofri grasa sistèm One-Stop lan gen divès opsyon pou deside ki kote yo vle pote plent yo. Opsyon ki disponib yo depann sou :

- Si viktim diskriminasyon sipoze an se 1) yon anplwaye oubyen yon aplikan pou yon djòb ou swa 2) yon kliyan, e
- Sous espesifik asistans finansyè pou pwogram ou swa biwo kit e pratike diskriminasyon an.

Plent pou diskriminasyon yo depoze sou labaz pwovizyon Lwa 1998 Envestisman Mendèv la gendwa depoze devan OCR Depatman an oubyen devan Sant Dwa Sivil Depatman Travay

---

<sup>1</sup> Yon plent moun depoze devan OCR rele ofisyèlman yon « alegasyon diskriminasyon ». Pandan tout pwosedi sa yo, pawòl « plent » ak « alegasyon diskriminasyon » entèchanjab.

Etazini an. Swa OCR oubyen Sant Dwa Sivil la ap reponn kèlkeswa keksyon yon demandè potansyèl kapab genyen konsènan soumisyon plent ak ankèt lan. W ap jwenn nan Tablo 1 Enfòmasyon pou kontakte OCR, Sant Dwa Sivil ansanm ak lòt ajans Eta ak federal yo ki aksepte plent yo pote sou fondman lejislasyon ki aplikab pou depatman an ak pwogram li yo.

**Nòt :** Plent lan fèt pou depoze devan ajans Eta oswa federal ki konpetan an si demandè an vle defann dwa li genyen yo pou jwenn kèlkeswa rekou ki genyen konfòmman ak Lwa Dwa Sivil Eta Florid oswa lejislasyon federal konsènan egalite chans pou jwenn anplwa.

### Kijan pou depoze yon plent devan OCR nan Depatman Opòtinite Ekonomik

Moun ki vle pote plent pou diskriminasyon opre OCR lan ta dwe itilize Fòm enfòmasyon pou Plent pou Diskriminasyon (*Discrimination Complaint Information Form*) Depatman an, ki disponib sou Entènèt nan

<http://www.floridajobs.org/civilrights/docs/Complaint%20form.docx> oswa kontakte OCR nan telefòn, alekri oswa pa imèl.

Plent yo depoze devan OCR lan ki pa itilize pake fòm yo (pa egzanp, yon lèt ki siyen oswa deklarasyon alegasyon ki fakse) akseptab depi enfòmasyon y ap voye an byen respekte egzijans seksyon Kontni Plent lan ki make anba la a. Sepandan, moun ki soumèt yon plent opre OCR grasa pake fòm lan we voye tou apre sa tout enfòmasyon adisyonèl OCR gendwa mande yo.

Eksepte nan ka alegasyon pèsèkasyon seksyèl oswa nan sityasyon ki poze yon means imedyat e detektab pou sekirite ak byennèt demandè an, OCR p ap ankete plent lan jiskaske li resevwa fòm seleksyon medyasyon an ansanm ak tout enfòmasyon adisyonèl yo.

**Kilè pou w depoze plent lan :** Se pou yo depoze yon akizasyon pou diskriminasyon devan OCR 180 jou sivil oplita apre zak diskriminasyon sipoze an. « Depoze » vle di se pou OCR lan resevwa yon plent alekri anvan peryòd 180 jou an pou depo plent lan ekspire. Y ap ranvwaye plent yo resevwa apre dat limit lan bay demandè an ansanm ak yon avi sou opsyon pou depoze plent lan swa opre yon ajans aplikasyon lalwa federal oswa Eta a, eksepte si direktè Sant Dwa Sivil la te pwolonje tan pou depo an, jan yo dekri anba la a.

Se pou yo depoze e resevwa yon akizasyon pou diskriminasyon yo soumèt nan Sant Dwa Sivil pandan 180 jou sivil apre yo te komèt zak diskriminasyon prezime an, eksepte si direktè Sant Dwa Sivil la te pwolonje peryòd pou depoze plent lan.

Direktè Sant Dwa Sivil la gendwa pwolonje dat limit pou depoze plent pou diskriminasyon an si demandè a mande direktè a espesifikman pou yon pwolongasyon e si li pwouve demand pou ekstansyon an fonde. OCR lan pral aksepte yon plent kid epeze apre dat limit lan si plent lan akonpayi ak yon ekstansyon alekri direktè Sant Dwa Sivil la akòde.

Se pou anplwaye ak aplikan pou yon djòb konnen ke lè yo pote plent pou diskriminasyon opre ajans aplikasyon lalwa federal oswa yon Eta, pa egzanp Komisyon Eta Florid pou Relasyon Imen (*Florida Commission on Human Relations*), Sant Dwa Sivil la oubyen Komisyon Etazini pou Egalite Chans nan Anbochaj (EEOC), se yon kondisyon preyalab pou kapab konteste yon desizyon anbochaj devan yon tribinal. Se pa poutèt ou te depoze yon plent opre OCR oswa lòt ajans kifè dat limit pou depoze plent lan pwolonje devan Komisyon Florid oswa devan EEOC an.

**Kontni Plent lan :** Se pou tout plent yo depoze opre OCR oswa Sant Dwa Sivil yo alekri e pou yo enkli sa ki annapre an :

- 1) Non ak adrès demandè an (oswa lòt mwayen pou kontakte demandè an) ;
- 2) Idantite repondan an (moun ki resevwa l e/oswa moun ki prezime responsab pou zak diskriminasyon an) ;
- 3) Yon dekripsyon alegasyon demandè an. Dekripsyon an dwe enkli ase detay pou pèmèt OCR oswa Sant Dwa Sivil la deside si :
  - a) OCR oswa Sant Dwa Sivil la gen konpetans jirdiksyonèl konsènan plent lan ;
  - b) Yo te respekte dat limit la pou depoze plent lan ; e,
  - c) Plent lan deklare yon plent pou diskriminasyon, sètadi, ke alegasyon yo, si yo vre, konstitye potansyèlman yon vyolasyon lejislasyon federal oswa yon Eta ; e,
- 4) Demandè an siyen plent lan.

Epitou, plent yo depoze opre OCR land we kontni :

- 1) Yon endikasyon si gen yon volonte pou ale nan medyasyon ; e
- 2) Yon fòm ki ranpli pou otorize revelasyon enfòmasyon pèsònèl.

Si demandè a gen yon reprezantan pèsònèl nan plent sa a, se pou li make non li, enfòmasyon kote yo gendwa kontakte li ak siyati li, kèkeswa si yo depoze plent lan opre OCR oswa devan Sant Dwa Sivil lan.

**Plent ki pa konple :** Si yon plent yo depoze opre OCR pa kontni ase enfòmasyon pou pèmèt OCR deside si li konpetan, OCR ap mande pou demandè an voye enfòmasyon ki nesèsè a. OCR pral avize demandè an alekri 7 jou oplita apre li resevwa pake ki gen fòm ladann nanmen demandè an, si gen bagay ki manke toujou. Si li pa kapab kontakte demandè an oswa si demandè an pa voye enfòmasyon ki nesèsè an anvan dat yo endike nan demann lan, OCR gendwa fèen dosye demandè an san prejidi. (« San prejidi » vle di demandè an gendwa re-depoze plent lan, akondisyon yo resevwa li anvan dat limit lan.) Si OCR fèmen dosye demandè an poutèt manke enfòmasyon li te mande yo oswa poutèt li pa gen konpetans pou ankete, OCR ap voye yon avi alekri konsènan desizyon pou fèmen dosye an nan dènye adrès demandè a te bay. Si demandè a bay enfòmasyon an ki te manke apre yo fin fèmen dosye an, yo gendwa re-ouvri plent lan e ankete, akondisyon dat limit pou depoze demann lan, ki endike anlè an nan seksyon « Ki kote pou depoze plent lan » poko ekspire, e OCR gen konpetans jiridiksyonèl. Yo pral anrejistre plent lan kòmkiwa yo resevwa li nan dat yo re-ouvri dosye an e pweryòd rezolisyon 90 jou sivil la nap kòmmanse kouri apatide dat sa a.

**Kalkil Peryòd Tan yo :** Dat OCR itilize pou deside si yo te depoze yon plent anvan dat limit lan se dat OCR resevwa fizikman avi alekri osijè yon akizasyon pou diskriminasyon. Yo kapab voye avi alekri an lè yo voye yon *Discrimination Complaint Information Form* OCR ofisyèl pa lòt mwayen, tankou yon lèt oswa yon memorandòm. Chak fwa yo resevwa yon plent ki prezante sou yon fèy ki pa fòm plent OCR oswa Depatman Travay Etazini an, se pou demandè a ranpli kanmenm apre sa e pou li voye tounen *Discrimination Complaint Information Form* OCR lan ansanm ak tout fòm konsantman ki apwopriye yo. Nan sikonstans sa yo, yon fòm OCR ki nòmalmman yo ta konsidere ki rive twò ta, y ap konekte li ak dat yo te resevwa premye lèt oswa memorandòm la, toutotan fòm plent lan dekri menm fè yo oswa fè adisyonèl ki gen pou wè oswa ki dekoule de sijè premye lèt oswa memorandòm lan.

Lòt peryòd tan konsènan pwosedi sa yo p ap kòmmanse konte jiskaske OCR resevwa fizikman yon pake ak tout fòm yo ki ranpli ki gen ladann : fòm plent lan, fòm seleksyon medyasyon an ak fòm konsantman Lwa sou pwoteksyon lavi prive an. Peryòd tan pou deside si OCR gen konpetans, premye lèt notifikasyon an, medyasyon ak dat limit 90 jou pou produi yon Rapò Ankèt p ap kòmmanse kouri jiskaske demandè an fin voye tout fòm sa yo nan yon fason ki respekte kondisyon esansyèl seksyon Kontni Plent lan, ki anlè a.

Sizoka dènye jou kèkeswa peryòd tan an tonbe pandan yon wikenn oswa yon jou ferye ofisyèl nan Eta a, pwochen jou ouvrab la ap dat limit pou fini egzekite demach lan. Yo pral kalkile kèkeswa peryòd tan nan règ sa yo ki mwens pase dis (10) jou yon fason ki eksli wikenn ak jou ferye nan Eta a.

Si w bezwen enfòmasyon sou fason Sant Dwa Sivil kalkile peryòd tan yo (delè), kontakte Sant Dwa Sivil la dirèkteman. W ap jwenn enfòmasyon pou kontakte responsab yo nan Tablo 1.

## **PWOSEDI TRETMAN PLENT YO**

**Remak :** OCR itilize tout pwosedi ki dekri nan seksyon sa a. Pwosedi Sant Dwa Sivil la itilize pout rete plent pou diskriminasyon esplike nan règlemantasyon non-diskriminasyon Lwa Investisman Mendèv lan, 29 CFR pati 37, koumanse nan seksyon 37.81. Lòt ajans gen pwosedi pou trete plent ki diferan. W ap jwenn enfòmasyon pou kontakte responsab yo nan Tablo 1.

### **I. Kimoun ki gen konpetans jiridiksyonèl lan**

Lè OCR resevwa yon akizasyon pou diskriminasyon, yo analize li pou chèche konnen sip lent lan kontni enfòmasyon ki nesesè yo e si OCR gen konpetans legalman pou li mennen yon ankèt. Yo pral pran desizyon osijè konpetans jiridiksyonèl la senk (5) jou ouvrab oplita apre OCR resevwa akizasyon pou diskriminasyon an.

OCR gen konpetans sèlman pou analize plent ki ranpli tout egzijans sila yo :

- 1) Plent lan deklare gen yon vyolasyon prezime lejislasyon anti-diskriminasyon Eta a oswa federal ki rive ;
- 2) OCR te resevwa plent lan anvan dat limit delè pou depoze plent lan, jan yo te diskite l anlè a nan seksyon « Kilè pou pote plent », eksepte si direktè Sant Dwa Sivil lan oswa, nan ka lòt ajans federal, responsab la, te pwolonje dat limit lan ;
- 3) Defandè an kont ki yo pote plent se swa Depatman an oswa yon antite ki resevwa asistans finansyè federal atravè Depatman an.

**Avi Absans Konpetans :** Chak fwa OCR deside li pa gen konpetans jiridiksyonèl la pou yon plent, anvan 10 jou ouvrab pase apre OCR resevwa plent lan, li pral notifiye demandè anlekri pou di l OCR p ap aksepte plent lan. Avi an pral bay yon deklarasyon sou fondman desizyon sa a e li pral enfòmè demandè a konsènan opsyon li genyen pou depoze yon plent opre lòt ajans ki pa OCR. Konsènan plent ki enplike antite ki resevwa asistans finansyèl atravè Depatman an e ki sòti nan Depatman Travay Etazini, yo pral notifiye demandè a li gen opsyon depoze plent lan opre Sant Dwa Sivil 30 jou oplita apre li resevwa avi OCR la pa gen konpetans nan zafè sa a.

**Ranvwa :** Menmsi OCR gen konpetans e yo depoze plent lan anvan dat limit depo an, OCR gen dwa refize trete plent la si demandè a gen yon zafè similè li te deja prezante opre yon lò entitasyon e si OCR te gen rezon pou li panse demandè a te konsyan li te gen dwa pote plent devan OCR lè yo te resevwa plent la nan lòt entitasyon an. Si demandè a chwazi pou li kontinye ak plent yo te soumèt opre l'entitasyon an, OCR ap fèmen dosye li e li pral ranvwaye zafè a pou lòt otorite an mennen ankèt la.

Chak fwa OCR ranvwaye ankèt li yo, OCR ap notifiye demandè an touswit alekri. Notifikasyon sa ap enfòm demandè a ke li gendwa mande pou OCR re-ouvri ankèt li apre demandè a resevwa yon desizyon final nan zafè ki prezante devan lòt enstitisyon an. Se pou demann pou li re-ouvri ankèt la rive 30 jou oplita apre resepsyon desizyon final la nan lòt pwosedi ki prezante devan lòt enstitisyon an. OCR gendwa mande e revize dosye lòt pwosedi an nan kad ankèt li an.

Chak fwa defandè a resevwa yon avi pou plent, anketè a pral notifiye defandè an alekri key o fèmen dosye OCR lan pou rezon administrative ki pa gen anyen pou wè ak byen-fonde akizasyon ki dekri nan plent lan.

Chak fwa demandè a gen yon doleyans an rapò ak karyè sèvis pwofesyonèl li bay ki soumèt opre Biwo Administrasyon Resous Imen Depatman an, OCR p ap aksepte okenn plent konsèn pwoblèm ki anrejistre e yo ankete antan doleyans. Selon pwosedi doleyans Depatman an, revandikasyon pou diskriminasyon oswa pèsikisyon seksyèl ekskli de pwosesis doleyans karyè-sèvis la e se pou yo depoze yo opre OCR ; ou pa fèt pou voye yo nan Resous Imen.

Se pa poutèt yon moun te pote plent oswa te patisipe nan yon ankèt OCR kifè yon defandè pa ta gen dwa fè demach jiridik nòmal kont moun sa a. Sepandan, defandè a ta dwe aji avèk prekosyon e sèlman si gen yon jistifikasyon objektif pou demach jiridik nòmal la. Se pou defandè a pare pou montre li ta aji konsa menmsi moun lan pa t pote plent oswa pa t gen ankèt.

## **II. Prezantasyon Premye Lèt Notifikasyon an**

Senk jou ouvrab oplita apre li resevwa plent lan e li deside li gen konpetans jiridiksyonèl pou mennen yon ankèt, OCR ap voye demandè a yon avi alekri.

Chak fwa OCR deside rejete yon rekèt, li pral bay rezon an oswa rezon yo kifè li rejte li. Lèt la pral esplike yon lòt fwa opsyon ki disponib pou demandè an pou li depoze plent li opre lòt ajans.

Si demandè a te mande yon medyasyon, premye lèt notifikasyon an pral esplike ke yo pral kontakte demandè a osijè dat, lè ak anplasman konferans medyasyon an. Epitou avi an pral esplike yo pral sispann kèlkeswa ankèt lan jiskaske pwosesis medyasyon an fini.

Si yo pa mande medyasyon an, avi demandè pral endike si yo te resevwa yon plent, si OCR aksepte mennen ankèt lan e si yo pral trete li jan sa dekri nan Seksyon IV anba la a.



### III. Fè Medyasyon (Rezolisyon Altènativ Dispit yo)

Yo ofri medyasyon kòm mwayen altènativ pou rezoud plent lan ki pèmèt pati yo evite pwosesis ankèt oswa litij tradisyonèl lan. Pandan medyasyon an, yon tyès pati neutre, ki gen fòmasyon nan rezolisyon dipit, ki koute alafwa demandè ak defandè an e ki ankouraje yo atenn yon rezolisyon alamyab (antant) ki volontè e negosye konsènan akizasyon pou diskriminasyon an. Medyasyon an bay pati yo yon chans pou diskite pwen ki endike nan plent lan, rezoud mezantan, jwenn kote pati yo dakò e entegre tout sa pati yo dakò nan solisyon yo. Konfòmman ak règlemantasyon ki aplikab nan pwogram Depatman Travay Etazini finanse yo, se demandèki pou pran desizyon pou ale nan medyasyon.

Medyatè a pral òganize oswa voye pati yo ansanm ak reprezantan yo, si genyen, yon konfimasyon alekri osijè konferans medyasyon an. Lèt la pral endike dat, lè ak anplasman<sup>2</sup> konferans medyasyon an ansanm ak yon deklarasyon sou pwoblèm yo prezante ak remèd yo espere jwenn. Yon avoka oswa yon lòt moun demandè a oswa defandè a chwazi gen dwa reprezante yo pandan konferans medyasyon an, oubyen demandè ak defandè a gendwa parèt pou kont yo avèk ou san yon reprezantan pèsònèl oswa yon avoka ki prezan nan sal la. Sepandan, toulede pati yo oblije gen yon moun ki rpezan pandan konferans medyasyon an ki gen konpetans pou rezoud dispit lan.

Yon medyatè pa rezoud akizasyon diskriminasyon ni li pa enpoze okenn desizyon sou pati yo ; alapas, medyatè an ede pati yo atenn yon rezolisyon plent lan ki akseptab pou toulede. Pwosesis medyasyon an apa de ankèt fòmèl soup lent lan, e medyatè an p ap di OCR lan bagay konfidansyèl pati yo revele pandan medyasyon an.

Chak fwa demandè an pa chwazi pou ale nan medyasyon, se pou anketè kòmanse touswit travay rechèch eleman prèv yo, jan sa dekri nan Seksyon IV ki annapre a. Chak fwa demandè a chwazi fè medyasyon, anvan senk (5) jou pase apre respesyon desizyon demandè a pou ale nan medyasyon, OCR la pral pare yon memorandòm pou defandè kote li enfòm li yo resevwa yon plent e pou l mande pou defandè a kontakte OCR senk (5) jou oplita konsènan detay medyasyon an. Yo pral òganize konferans medyasyon an 15 jou ouvrab oplita apre repons OCR la. Si defandè a sitye nan Tallahassee, yo pral livre memorandòm ak yon kopi plent lan bay ofisye administratif anchèf defandè an, e yo pral bay reprezantan egalite opòtinite an yon kopi tou, anvan fèmte biwo yo lelendemen. Si defandè a sitye andeyò Tallahassee, yo pral voye memorandòm ak yon kopi plent lan pa kourye lapòs pou lelendemen.

Chak fwa OCR oswa medyatè an pral eseye pwograme konferans medyasyon an pandan yon lè ki konvnan pou toulede pati yo, OCR ap gen dènye mo an pou fikse data k lè konferans medyasyon an e pati yo petèt ap dwe òganize yo yon fason pou kapab vini nan konferans lan.

Si pati yo kapab rezoud dispit la pandan konferans medyasyon an, yo pral pare yon rezolisyon alamyab alekri e tout pati yo pral siyen li anvan konferans lan fini. Antant la pral aplikab menm jan ak yon kontra. Yo pral remèt chak pati yon kopi antan la.

---

<sup>2</sup> Yo gendwa fè medyasyon an tou nan telefòn pou tout moun tande ak sèten oswa tout pati k ap patisipe nan medyasyon an.

Si pati yo pa kapab rezoud plent lan pandan kofnerans medyasyon an, okenn pati ap sibi yon efè negatif. Medyatè an pral notifiye OCR lan touswit medyasyon pa t reyisi rezoud dispit la, e ankèt fòmèl nòmal la pou akizasyon diskriminasyon an gendwa kòmanse. OCR pral kontakte demandè an pou evalye si demandè an vle kontinye ak yon ankèt fòmèl oswa si li vle retire plent lan.

**Vyolasyon Antant Medyasyon an :** Sizoka yon moun pa respekte antant medyasyon an, pati an ki pa komèt vyolasyon an ta dwe notifiye OCR. Si se yon lò antite kit e òganize medyasyon an, tankou Komisyon Eta Florid pou Relasyon Imen, Komisyon Etazini pou Egalite Chans nan Anbochaj oswa Sant Dwa Sivil la, se antite sa a pou yo notifiye.

Règlemantasyon Depatman Travay Etazini deklare pati ki pa komèt vyolasyon an gen dwa depoze yon plent dirèkteman opre direktè Dwa Sivil la 30 jou sivil oplita apre dat lè pati ki pa komèt enfrazasyon an te vin konnen de vyolasyon prezime an. Si direktè an deside pati an te vyole antant lan vreman, demandè ap gendwa depoze yon plent opre Sant Dwa Sivil la sou labaz premye akizasyon yo, menmsi plis pase 180 jou fin pase apre zak diskriminasyon prezime yo. Sant Dwa Sivil la pral trete plent la sou labaz akizasyon yo te fè premye fwa a.

#### **IV. Chèche Eleman Prèv ak Ankèt**

**Demann alekri pou Enfòmasyon ak Dokiman ; Entèvyou nan Telefòn :** Depi OCR vin konnen swa pati yo p ap ale nan medyasyon oswa medyasyon an pa t rezoud plent lan, yo pral nonmen yon anketè pou l kòmanse pwosesis kolèk eleman prèv yo. Senk (5) jou ouvrab oplita, OCR pral voye defandè an yon premye lèt notifikasyon, jan sa dekri anlè a. Avi a esplike defandè a OCR ap ankete plent lan e defandè a gen dwa pran yon avoka oubyen yon lòt moun li chwazi pou reprezante li.

Epitou, lèt la pral gen ladann yon demann pou yon deklarasyon sou pozisyon pati an, lè sa nesèsè, yon demann pou dokiman e/oswa yon repons pou kesyon alekri ki fòmile yon fason pou jwenn enfòmasyon ki nesèsè pou rezoud plent lan. Yo pral avize defandè a se pou li reponn lèt la nan 14 jou sivil oplita apre dat ki make nan lèt la, e kèlkeswa deklarasyon temwen ta dwe prezante nan fòm yon deklarasyon anba sèman (affidavit). Se pou lèt OCR adrese bay moun ki responsab la nan Depatman an oswa ofisye administratif anchèf defandè an k ap resevwa asistans finansyè federal atravè Depatman an. OCR pral remèt anketè a tout dokiman defandè a voye.

Anketè a gendwa voye demandè a yon demann pou prezante dokiman e/oswa kesyon alekri pou presize enfòmasyon konsènan pwoblèm yo endike nan plent lan. Demandè a dwe reponn demann pou bay enfòmasyon an 14 jou sivil oplita apre dat ki make nan lèt la.

Yo gen dwa voye demandè an e/oswa defandè an kèlkeswa demann adisyonèl pou dokiman e/oswa kesyon alekri, jan sa nesèsè pandan pwosesis ankèt la. Anketè a gen dwa egzamine prèv ki sòti nan lòt sous, tankou achiv pèsònèl, doleyans, rapò enspektè-jeneral ak dosye lòt ajans oswa defandè an. Anketè a gendwa entèvyouve temwen pa telefòn oswa fas-a-fas, lè sa nesèsè. Chak fwa yo jwenn enfòmasyon grasa metòd ki anlè yo sifi pou deside si gen yon kòmansman prèv defandè a derespekte lejislasyon anti-diskriminasyon an, etap koleksyon eleman prèv yo gendwa fini san yo pa bezwen fè yon ankèt souplas.

**Ankèt souplas :** Yo gendwa bezwen fè yon ankèt souplas si analiz dokiman yo ak enfòmasyon yo kolekte grasa demann alekri oswa entèvyou nan telefòn yo pa sifi pou pèmèt anketè a rive nan yon konklizyon pou chèche konnen si gen yon vyolasyon ki te fèt. Kritè yo itilize pou decide si yon ankèt souplas nesèsè gen ladann : si pwoblèm yo konplike ; se pou yo entewoje plizyè temwen oswa pou yo analize anpil dokiman ki long ; oubyen gen plizyè plent anmenm tan kont defandèan OCR te resevwa.

Anketè a pral rele defandè a pou etabli data k lè ankèt souplas la pral fèt, pou lokalize dosye ak lòt dokiman pou yo disponib pou yo analize yo, e pou idantifye moun yo pral entewoje yo. Apre apèl telefonik sa a, yo pral voye yon konfimasyon alekri sou dat, lè ak objektif ankèt souplas la.

Biwo lokal la oswa defandè a ta dwe nonmen yon responsab pami anplwaye li yo pou prepare ak kowòdone vizit souplas la. Si li konvnan, moun sa a ta dwe reprezantan egalite opòtinite defandè an. Anketè a gendwa kontre anpremye ak demandè an pou revwa plent lan e pou chèche jwenn enfòmasyon adisyonèl ki pa nan plent oswa nan dosye zafè an.

Yon premye konferans ak defandè e reprezantan li yo ta dwe pwograme apre sa. Objektif premye konferans sa a se pou :

- 1) dekri plent ki jistifye ankèt la, pwoblèm espesifik y ap ankete yo ak konpetans jiridiksyonèl OCR lan pou ankete ;
- 2) konfime aranjman defandè a fè pou asire pwoteksyon enfòmasyon pèsònèl yo, ikonpri òganizasyon yon zòn prive pou anketè a kapab mennen entewogasyon ak pou analize dokiman yo ; e,
- 3) pwograme lòt reyinyon, tankou yon reyinyon pou kolekte enfòmasyon ak yon dènye konferans.

Anketè a p ap diskite sip lent la jistifye pandan premye konferans lan.

Anketè a pral entewoje reprezantan defandè yo ansanm ak moun ki nonmen nan plent lan. Anketè a ta dwe fè anpil jefò pou chèche konnen jan bagay yo pase selon defandè a, li ta dwe entewoje moun anplis defandè a vle yo entewoje, zafè pouki chak tewmen gen konesans ansanm ak dokiman defandè a vle pou yo konsilte.

Anketè a gendwa entewoje temwen yo swa demandè a swa defandè a nonmen oubyen anketè a jwenn pou kont li e ki gen enfòmasyon ki pètinan. Pandan ankèt la ap pwogrese, anketè gendwa idantifye plis moun li ta dwe entewoje e eseye òganize yon reyinyon. Anketè a pral analize dosye ak lòt dokiman tou, l ap kòmanse ak dokiman e dosye li te mande anpremye yo e l ap kontinye ak dosye adisyonèl li te idantifye pandan vizit souplas la. Si dosye li mande yo gwo oswa konplèks anpil, anketè a gen dwa pwograme yon reyinyon ak anplwaye yo ki responsab pou kenbe dosye yo pou li kapab evalye sistèm enfòmasyon defandè a, pou li esplike ki enfòmasyon anketè a bezwen e pou fè demann espesifik bay responsab yo pou yo remèt li kopi enfòmasyon yo.

Li gendwa pwograme dènye konferans ak reprezantan defandè a vè lafen faz ankèt la ki dewoule souplas. Objektif dènye konferans sa a se pou klarifye enfòmasyon li kolekte pandan faz ankèt souplas la, pou mande enfòmasyon adisyonèl e/oswa pou reponn kèlkeswa keksyon yo konsènan

pwosesis ankèt la. Poutèt enfòmasyon yo konn kolekte souplas anjeneral mande pou yo revwa e analize yo anvan pou yo bay yon konklizyon konsènan diskriminasyon, anketè a ta dwe rete neutre e pa bay opinyon li osijè enfòmasyon li kolekte yo e pa fè okenn konklizyon konsènan okenn pwoblèm, espesyalman li pa dwe kite moun konnen sa li panse si yo te komèt yon zak diskriminasyon. Sepandan, anketè a gendwa fè yon òf rezolisyon si youn nan pati yo ta renmen prezante yon antan konsilyasyon.

## V. Revize e Analize Prèv yo

Depi faz kolèk eleman prèv yo fini, anketè a pral revwa e analize prèv yo e li pral decide si gen fondman pou panse defandè a pa t respekte yon lwa kont diskriminasyon, kifè si yo te komèt yon zak diskriminasyon ilegal.

### Tip Prèv yo :

- **Prèv dirèk** – Yon ezanp tip prèv sa a se lè defandè a neglije pran mezi korektiv ki apwopriye alòs ke li te konnen oswa li ta dwe konnen egzistans Pratik ak politik diskriminatwa yo.
- **Prèv konparativ** – Se ka prèv yo kolekte lè yo konpare anplwaye oswa patisipan nan pwogram ki nan menm sityasyon pou etabli si gen diferans nan fason yo trete yo.
- **Prèv estatistik** – Analiz estatistik la gendwa montre gen yon pi gwo disparite ki egziste pase sa yon moun ta atann li lè yo konpare done pou manm yon gwoup ki pwoteje ak done pou anplwaye oswa patisipan nan pwogram la ki pa nan gwoup sa a.

Konklizyon konsènan chak akizasyon pou diskriminasyon dwe jistifye ak prèv ki fyab e verifyab, ikonpri kèlkeswa tip prèv yo ki dekrit an lè a. Dokiman alekri se tip prèv yo pito a pou kapab fonde oswa refite alegasyon yon demandè. Si pa gen dokiman alekri, sepandan, anketè a gendwa itilize temwayaj temwen yo kòm prèv ki fonde akizasyon an. Li akseptab pou itilize enfòmasyon ki dirèk, obsèwab oswa de premyè men youn oswa plizyè temwen bay pou fonde yon konklizyon. Yo pa konsidere bagay moun tande oswa enfòmasyon dezyèm men kòm prèv ki kapab pwouve yon akizasyon.

Frekaman lè y ap ankete sou yon plent, demandè a prezante akizasyon pouki pa gen okenn dokiman alekri ni temwayaj temwen ki kapab pwouve yo. Si defandè a nye akizasyon (yo), alòs ke pa gen dokiman alekri ni temwayaj temwen ki sipòte akizasyon an, anketè a pa kapab fè okenn konklizyon konsènan zak diskriminatwa prezime an : prèv yo pa konkliyan. Sa pa egzonere yon moun ki swa dizan vyole lalwa e sa pa vle di demandè a te depoze yon plent ki fo oswa ki pa baze sou anyen : yo pa kapab tire okenn konklizyon.

Si OCR mande resous adisyonèl pou kapab fini yon ankèt avèk presizyon e san pèdi tan, Ofisye EO an gendwa jwenn aksè nan resous Depatman Zafè jiridik la (Office of General Counsel — OGC). Benefis sa a posib grasa yon aranjman kote OCR fè pati administrativman de OGC an. Anba responsabilite Ofisye EO an, yon avoka oswa yon asistan administrativ ki nan OGC gendwa ede trete plent pou diskriminasyon an. Lè sa rive, avoka OGC an pa gen dwa konseye okenn lòt moun pase Ofisye EO an osijè plent lan, e li pa gen reprezante Depatman an nan okenn

litij ki ta rive pi devan sou labaz plent sa a. Epitou, Ofisye EO an kenbe yon relasyon depandans dirèk pou fè rapò bay Direktè egzekitif la konsènan plent la pou kapab garanti pi gwo degre endepandans. Nan tou le ka, Ofisye EO an tire konklizyon ki endepandan osijè akizasyon ki nan plent la.

## **VI. Rapò Ankèt la**

OCR prezante yon desizyon alekri, ki rele yon *Rapò Ankèt*, lè li fin mennen ankèt li. Se pou yo remèt defandè a desizyon final lan, e y ap voye yon kopi pou demandè an. Se pou yo voye Rapò an bay deandè ak defandè an 90 jou oplita apre dat lè yo te depoze plent lan.

**Kontni Rapò an :** Rapò Ankèt an dwe diskite chak pwoblèm ki endike nan plent lan e, pou chak pwoblèm, se pou yo endike desizyon anketè a e pou bay yon espikasyon sou rezon ki jistifye desizyon an. Si pati yo te rezoud yon pwoblèm grasa medyasyon oswa grasa yon lòt mwayen ki pa mande yon desizyon final anketè a, Rapò pral gen ladann yon deklarasyon ki dekri fason pati yo te rezoud pwoblèm lan.

Lèt pou demandè an ki vini ak Rapò Ankèt la ap gen ladann yon deklarasyon kòmkiwa demandè a gen dwa depoze yon plent opre Sant Dwa Sivil lan selon Seksyon 188 Lwa sou Investisman Mendèv la. Si OCR prezante Rapò Ankèt la pandan peryòd 90 jou oplita apre li resevwa plent la, se pou Rapò a endike si demandè an pa satisfè ak desizyon OCR lan, demandè oswa reprezantan li gen dwa depoze yon plent opre direktè Sant Dwa Sivil lan 30 jou oplita apre dat lè demandè a te resevwa Rapò Ankèt la.

**Remak :** Si OCR lan pa panse l ap prezante yon Rapò Ankèt pandan peryòd 90 jou an oplita ki otorize pou mennen ankèt lan apre yo depoze plent la, OCR pral voye demandè a yon « lèt 90 jou » omwens 10 jou anvan ekspirasyon delè 90 jou an. Lèt 90 jou sa a pral notifie demandè a oswa reprezantan li ke gen yon plent pou diskriminasyon selon Seksyon 188 Law sou Investisman Mendèv yo gendwa depoze opre direktè Sant Dwa Sivil la 30 jou oplita apre ekspirasyon peryòd 90 jou an — otreman di, 120 jou oplita apatide dat lè yo te depoze plent lan opre OCR lan. Epitou lèt la pral enfòm demandè yo ki prezante akizasyon pou diskriminasyon nan travay la konsènan dwa yo genyen pou depoze yon plent opre Komisyon Etazini pou Egalite Opòtinite nan Travay am Komisyon Eta Florid sou relasyon Imen, ansanm ak opre Sant Dwa Sivil lan.

## **VII. Konklizyon sou *Byen-fonde* pwosedi an**

Si Rapò Ankèt lan gen ladann yon konklizyon ki di gen jistifikasyon pou panse defandè a te vyole yon lwa federal oswa yon Eta, Rapò Ankèt yo voye defandè an gendwa kontni tou yon lis aksyon korektiv ki rekòmande. Yo dwe konsevwa mezi korektiv yon fason pou yo redrese sityasyon demandè a, pou elimine diskriminasyon e pou asire yo pa rekòmanse ak diskriminasyon an. OCR gendwa rekòmande chanjman nan politik ak pwosedi yo, chanjman nan pèsonèl la, mezi disiplinè, pou yo kenbe plis dosye, akomodasyon yo, fòmasyon, chanjman nan etablisman fizik yo, ak konpansasyon finansyèl, si li konvnan. Yo ta dwe fòmile rekòmandasyon yo avèk prezizyon pou abòde e elimine diskriminasyon ankèt la te jwenn.

Si plent la sible Depatman Opòtinite Ekonomik antan defandè, yo pral voye Rapò Ankèt la ki gen rekòmandasyon ladann bay Direktè egzekitif Depatman an e yo pral remèt biwo ki konsène an kèk kopi tou. Yo pral enkli ladann yon demann pou yo voye yon repons bay OCR 30 jou oplita sou fason pou yo ta dwe egzekite rekòmandasyon yo. Defandè a gendwa ofri altènativ pa rapò ak rezolisyon ki rekòmande a.

Si plent la pa sible Depatman antan defandè, yo pral voye Rapò Ankèt la ki gen ladann rekòmandasyon yo bay ofisye administratif anchèf defandè an. Yo pral mete ladann yon demann pou defandè a reponn OCR lan 30 jou oplita sou fason pou yo egzekite rekòmandasyon yo.

Nan toulede ka, OCR pral siveye sityasyon an pou li asire defandè a egzekite rekòmandasyon yo vreman. Si yon defandè pa reyisi aplike rekòmandasyon yo e elimine diskriminasyon an, yo gendwa sanksyone defandè a kifè, apre posibilite pou yo òganize yon odyans, yo gen dwa pwononse kont li sispansyon, revokasyon, refi oswa arè asistans finansyèl ansanm ak lòt sanksyon toujou, an konfòmite ak lalwa. OCR ap disponib tou pou bay defandè asistans teknik pou chanje politik ak pwosedi, fason li kenbe dosye yo, pou l chanje akomodasyon ak fòmasyon.

Epitou, OCR gendwa itilize pwosedi ki anlè a pou fè rekòmandasyon nan zafè kote pa gen konklizyon final ke yo te komèt yon zak diskriminasyon, men kote ankèt la te montre gen sikonstans ki jistifye yon chanjman nan politik ak nan pwosedi yo, nan pèsonèl anplwaye yo, nan aksyon discipline, nan fason yo kenbe dosye yo, nan akomodasyon, fòmasyon oswa nan reyamenajman etablisman yo pou asire respè lwa ak règlemantasyon ki aplikab yo.

## **VIII. Divès Pwovizyon**

**Antant ki negosye :** Menmsi pati yo pa chwazi ale nan medyasyon, yo gen dwa fè yon antan selon de konklizyon toulede aksepte nenpòt kilè pandan ankèt OCR lan, e OCR ankouraje pati yo pou yo antann yo. Si yo reyisi jwenn yon antant, yo pral ekri kondisyon yo alekri e demandè e defandè fèt pou siyen dokiman an. OCR pral anrejistre yon kopi antan lan ansanm e demandè pral retire plent li ofisyèlman. Retrè plent lan pa kapab pòte prejdis kont demandè an e li gen dwa re-depoze plent lan, jan se dekri nan seksyon ki anba la a ki rele « Dwa Demandè a pou retire plent lan ».

**Dwa pou gen yon Reprizant :** Toulede ni demandè a ni defandè a gen dwa pou yon moun defann enterè e reprezante yo pandan tout etap pwosesis plent lan, swa pa yon avoka oswa yon

lòt moun yo chwazi. Anvan pou OCR lan apwouve reprezantan yon demandè, demandè a ta dwe voye yon avi tou ranpli ki rele « Otorizasyon Reprezantan an » alekri.

**Obligasyon Defandèan pou li kenbe tout dosye yo :** Depi defandè a vin konnen yo pote plent kont li opre OCR oswa Sant Dwa Sivil lan, defandè an fèt pou kenbe original tout dosye pèsònèl la oswa patisipan ansanm ak lòt prèv ki gen pou wè ak plent lan, jiskaske OCR oswa Sant Dwa Sivil la prezante Rapò Ankèt lan. Si defandè an pa kenbe dosye yo, sa konsitye yon entèferans pou diskriminasyon kote gen dokiman ki manke pou konteste akizasyon defandè an. Règlemantasyon WIA egzije pou yo kenbe dosye ki gen pou wè ak plent lan pandan 3 lane apatide dat lè yo fèmen dosye zafè a.

**Obligasyon Defandè a pou bay enfòmasyon :** Yon defandè oblije bay anketè a enfòmasyon ki nesèsè pou ankèt lan. Si defandè a pa bay enfòmasyon syo mande a ki anba responsabilite ak kontwol defandè a san pèdi tan, e apre yo te voye l yon avi e li te gen posibilite pou remedye sityasyon an, si li refize obeyi, sa gendwa kreye yon entèferans pou diskriminasyon kote manke enfòmasyon pou konteste akizasyon demandè an.

**Obligasyon Demandè an pou bay enfòmasyon :** Yon demandè oblije bay anketè tout enfòmasyon ki pètinan ki gen pou wè ak ankèt la. OCR gendwa rejte yon plent si demandè a, apre li resevwa avi a e apre li te opòtinite pou li remedye mankman an, pa bay enfòmasyon yo mande a, li refize yo entewoje li oswa ale nan reyinyon, oubyen li sitèlman refize kowopere, OCR la pa kapab rezoud plent lan. Nan sikonstans sa yo, yo gen dwa rejte plent lan san pa gen okenn desizyon final konsènan si akizasyon defandè an byen-fonde kòmkiwa defandè a pa t respekte yon lwa federal oswa Eta a sou non-diskriminasyon.

**Dwa Demandè an pou modifiye plent lan :** Demandè a gen dwa modifiye plent lan nenpòt kilè anvan yo prezante li premye lèt notifikasyon an. Apre yo prezante lèt la, demandè a gendwa modifiye plent lan sèlman si OCR bay li otorizasyon. Demandè a oblije modifiye plent la si gen enfòmasyon ki manke, jan sa dekri nan seksyon ki rele « Kontni yon Plent » ki anlè a. Si yon modifikasyon gen rapò ak sijè premye plent lan, y ap lye amannman an ak dat lè OCR la te resevwa plent original la pou premye fwa. « Amannman » demandè gendwa ajoute plis pwoblèm toujou (apa vanjans) ki pa t liste nan plent original la, e konsa yo gendwa konsidere li separeman kòm yon nouvo plent.

**Dwa Demandè a pou li retire plent lan :** Demandè an gen dwa retire plent li nenpòt kilè anvan prezantasyon Rapò Ankèt la. Se pou li retire li alekri e aksyon sa a p ap pote l prejidi, ki vle di demandè an gen dwa pou l re-depoze plent lan nenpòt kilè anvan dat limit pou depo plent lan yo te endike pi wo, nan seksyon an ki rele « Kilè pou pote plent ».

**Kijan pou jwenn aksè nan dokiman yo pandan Ankèt la :** Lejislasyon Eta Florid [§119.07(2)(g), *Florida Statutes*] deklare tout dosye ki gen pou wè ak yon akizasyon pou diskriminasyon pa dokiman piblik jiskaske ankèt la fini, swa apre yon desizyon final oswa si yo sispann ankèt la. Depi OCR la prezante yon Rapò Ankèt e OCR kapab konfime yo te remèt li demandè an, dosye plent lan tounen yon achiv piblik e, eksepte si yon lòt pati nan lejislasyon sou achiv piblik bay yon egzansyon, piblik la gen dwa enspekte dosye an. Pou yo kapab asire tout règ pwosedi yo respekte, resi livrezon Sèvis Lapòs Etazini an ap sèvi kòm prèv yo te livre Rapò an vreman.

Ni demandè an ni defandè a gen dwa gade enfòmasyon yo ki kolekte pandan ankèt la jiskaske yo prezante Rapò Ankèt la. Malgre sa, anketè a gendwa revele enfòmasyon demandè ak defandè yo te bay li, si yo nesesè pou kapab kontinye ankèt la.

Nenpòt kilès ki ta gen yon keksyon sou fason pou pote plent pou diskriminasyon dwe kontakte :

The Department of Economic Opportunity  
Office for Civil Rights  
107 East Madison Street – MSC 150  
Tallahassee, Florida 32399-4129

Telefòn 850 921-3205 • Faks 850 921-3122  
Imèl : [Civil.Rights@deo.myflorida.com](mailto:Civil.Rights@deo.myflorida.com)

Florida Relay Service (TTY): 711 (ann Angle, Panyòl, Fransè oswa Kreyòl Ayisyen)

The Director, Civil Rights Center (CRC)  
U.S. Department of Labor  
200 Constitution Avenue NW, Room N-4123  
Washington, DC 20210  
(202) 693-6500 (vwa yon moun)  
(800) 877-8339 (Federal Relay Service – pou TTY/TDD)  
imèl: [CivilRightsCenter@dol.gov](mailto:CivilRightsCenter@dol.gov)



**Tablo 1**  
**Enfòmasyon pou kontakte Responsab yo**  
**pou**  
**Depoze yon Plent pou Diskriminasyon**

**Department of Economic Opportunity  
Office for Civil Rights**  
107 East Madison Street MSC 150  
Tallahassee, Florida 32399-4129  
(850) 921-3205  
TTY (grasa Florida Relay Service): 711  
*nan lang Angle, Panyòl, Franse ak Kreyòl Ayisyen*  
FAX: (850) 921-3122

**Florida Commission on Human Relations**  
2009 Apalachee Parkway, Suite 100  
Tallahassee, Florida 32301  
(850) 488-7082  
1-800-342-8170  
TTY (grasa Florida Relay Service): 711  
*nan lang Angle, Panyòl, Franse ak Kreyòl Ayisyen*  
FAX: (850) 488-5291

**U.S. Department of Labor  
Civil Rights Center**  
200 Constitution Avenue, NW  
Room N-4123  
Washington, DC 20210  
(202) 693-6500  
TTY: (202) 693-6515  
FAX: (202) 693-6505

**Equal Employment Opportunity Commission  
Miami District Office**  
One Biscayne Tower, Suite 2700  
2 South Biscayne Boulevard  
Miami, Florida 33131  
(305) 808-1740 or 1-800-669-4000  
TTY: (305) 536-5721 or 1-800-669-6820  
FAX: (305) 536-4011

**U.S. Department of Health & Human Services  
Office for Civil Rights**  
61 Forsyth Street, SW - Suite 3B70  
Atlanta, Georgia 30323  
(404) 562-7886  
TTY: (404) 331-2867  
FAX: (404) 562-7881

**Equal Employment Opportunity Commission  
Tampa Area Office**  
501 East Polk Street, Suite 1000  
Tampa, Florida 33602  
(813) 228-2310 or 1-800-669-4000  
TTY: (813) 228-2003 or 1-800-669-6820  
FAX: (813) 228-2841

**U.S. Department of Agriculture  
Office of Civil Rights**  
300 7th Street, SW; Suite 400  
Stop Code 9430  
Washington, DC 20250-9410  
(202) 401-1014  
TTY: (202) 401-0216  
FAX: (202) 690-5686